ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ и МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ и 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№81 (24.051) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIащ республикэм и муниципалитетхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ

Видеоконференц мардэм тету КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ администрацэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщIхэм я зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и премьер-министр Мусуков А., Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ КIэрэф М., Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къунижь М., финансхэмкIэ и министр Лисун Е. сымэ.

КОРОНАВИРУС уэ зэрыщIалэм зэрызиубгъум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ щытыкIэм, лъэпкъ проектхэр муниципалитетымкIэ щыналъэхэм зэрыщызэфIахым, къищынэмыщIауэ, 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щыпIэ бюджетхэр гъэзэщIа зэрыхъуам зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ коронавирусыр къызэуэлIахэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхьур. Иужь жэщ-махуэм COVID-19-р къеуэу цыху 45-рэ, хьужауэ 84-рэ ятхащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, сымэджаxэм я процент 80-м я узыншагъэр нобэкIэ зэфIэувэжащ. Сымаджэщхэм щыIагъэ щыIащ пациент 1001-рэ, реанимацэм цIыху 43-рэ щIэлъщ. Иужь тхьэмахуэм къиубыдэу цIыху 300-м щIигъу сымаджэщхэм къыщIатхыкIыжащ, пациенти 10-р ИВП-м и Iэмэпсымэхэм щохапхыжащ. Ягъэгъуэлъхэм я бжыгъэм процент 15,2-кIэ, хьэпIыгъэ къаIэрыхьаxэм процент 4,7-кIэ кIэрыхуащ. Зи тхьэмбылым процент 60-м нэблагъэ узым иубыдаxэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

«Къыпэубыдыныгъэхэр Iухыным и етIуанэ Iыхьэм дыхуэкIуэну Iэмал къыдэзыта зыужьыныгъэфIщ ар, - жиIащ **КIуэкIуэ Казбек**. - IэхъугъуэфIэр щыбольагъу экономикэм и IэнатIэхэм. Республикэм и цIыху куэд лэжьыгъэм пэрыхьэжыфащ, тыкуэнхэр, парксэр, музейхэр, библиотекэхэр къызэIуахыжащ».

Абы щыгъуэми, къыхигъэщащ щыналъэм и унафэщым, коронавирусым и щытыкIэм хъуэпсэрыгъэ хъункъым. Сымаджэхэр, узыр зэуэIэфынчэр иджыри щыIэщ: «Фэ езым фольагъу языныкъуэ къэралхэм узыр къыщыIятэжауэ, щIэрыщIэу къыпэубыдыныгъэхэр зэрыщагъэуэвыр. ЦIыхухэр, языныкъуэхэм и деж юридическэ лицохэр, бэлэрыгъащ икIи шынагъуэншагъэм тетын зэрыхуейр IэщIыб ящIащ. Апхуэдэ къэдгъэхъуэ хъунукъым».

КIуэкIуэ Казбек администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ иритьхьащ уэ зэрыщIалэм зиубгъуныр къэмыгъэхъунщагъэр гъэззэщIэным ехьэлIа Iухэуг гъэзэрым и нэIэ трагъэтыну, хъыбарегъащIэ-гурызыгъаIуэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи иригъэкIуэкIыну.

Лъэпкъ проектхэр гъэззэщIэныкIэ муниципальнэ щIыналъэхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ абыхэм хухаха ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**. Абы къыхигъэщащ муниципальнэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыкIэныным адэкIи зэрыпащэр. Я мурада 159-м ящыщу контракти 155-р зэращIылIакIэщ.

Зи пщэ къыдхуэу Iухэущ IапIэхэмрэ муниципалитетхэмрэ щыналъэм и унафэщым къыхуриджащ щытыкIэр къамыгъэтIасхъэну икIи зыхуеину псори зэфIагъэкIыну лъэпкъ проектхэмрэ зыхуагъэувыжа къалэнхэмрэ я гъэззэщIэн папщIэ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** и гугъу ищIащ дызэрыт илъэсым и щIышылэ-мэкъуэгъуэ мазэхэм щыпIэ бюджетхэр гъэззэщIа зэрыхъуам.

Коронавирус уэ зэрыщIалэм къиша щытыкIэм ялъэ илъэс ныкъуэм къикIуаxэм ижь къащIихуащ. Къапщтэмэ, 2020 гъэм и мазихэр щыпIэ бюджетхэм къаxьэлIащ сом мелуани 195,6-рэ яхуримыкIуу. Нэгъабэ еПъитауэ щыпIэ бюджетым и хэхъуэр процентыр 112,8-м нэсащ. Абы щыгъуэми щIыналъэхэм я муниципалитетхэмрэ къалэ округхэмрэ езыхэм я хэхъуэхэм зэрыхэщI зэпымыоу уолъагъу. Налогыу щымыт хэхъуэхэр 2019 гъэм елъытау зэрыхъуар процент 84-рэщ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ ЕГЭ-р еГъэкIыкIыным, щIыналъэр пскIыкIэ къызэгъэпэщыным, ТКО-р ишыным, республикэм щыщIэ псыкъуи, мафIэ щытыкIэм ехьэлIа Iухэугъэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iэхущ IапIэ.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ икIи журналист Мэзыхьэ Борис дунейм зэрехьыжам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэм КIуэкIуэ Казбек яхуогузавэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэгузващ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ икIи журналист гъуэзджэ Мэзыхьэ Борис и унагъуэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм.

«И гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэрыщIту Мэзыхьэ Борис хуиунэтIащ щалъхуа республикэмрэ къэралымрэ я щэнхабзэм и зыужьныгъэм, мамырыгъэр гъэбыдэным, зэныбжьэгъугъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я зэхуаку дэлъыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

ЦIыху тельыджэм, Iэщ IагъэлI нэсым и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ди гум илъынщ. Мэзыхьэ Борис и унагъуэм, ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм сахуощыгъуэ», - итщ республикэм и Iэтащхьэм Инстаграмым щIиэ и напэкIэуэщIым.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 9, *махуэку*

♦Азербайджаным и дипломатие кулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Аргентинэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1816 гъэм ар Испанием кьыгуэкIащ.

♦Къэзахстаным и налог IэнатIэм и махуэщ

♦1762 гъэм Урысейм и император Пётр Ещанэр традзри, къэрал унафэр абы и щхьэгъусэ Екатеринэ ЕтIуанэм Iэщ Iалъхьащ.

♦1868 гъэм США-м и Конституцэм халъхьа 14-нэ зэхъуэкIыныгъэм хъыбар игъэтащ. Абы ипкъ Америкэм и цIыхуу кьалъытэр къэралым кьыщалъхуа псори.

♦1877 гъэм Уимблдон (Инджылызым и кьалащхьэ Лондон пэмыжьжьэ щыпIэм) щекIуэкIащ теннисымкIэ ягъэ зэхьэзэхуэр.

♦1906 гъэм Урысейм и император Николай ЕтIуанэм унафэ кьыдигъэкIащ ягъэ Къэрал Думэр зэбгрыгъэкIыжьным теухуауэ.

♦1927 гъэм «Роман-газета»-м кьыдэкIын щIидзащ.

♦1945 гъэм ВКП(б)-м и Налшык къалэ комитетым унафэ кьыщIащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуаxэм защIэгъэкъуэным теухуауэ.

♦1957 гъэм Менделеевым и таблицэм 102-нэ элементу хагъэхьащ нобелий зыфIащар.

♦1959 гъэм Налшык и Театр щхьэантIэм Пятницкэм и цIэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым и концерт щекIуэкIащ.

♦АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокIу.

♦Антарктидэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа сомет географ цIэрыIуэ, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием хэта, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Капицэ Андрей** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокIу.

♦Совет актрисэ, уэрэджыIакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артистка **Кириенко Зинаидэ** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокIу.

♦Совет кинорежиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Климов Элем** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокIу.

♦УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистка, «Ника» саугъэтыр зрата **АхъуэджакIуэ Лие** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

♦Шэрджэс еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокIу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бесльэней Чамал** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦Украинэм щIыщ политик, а къэралым и еплIанэ президенту щыта (2010 - 2014 гъэхэм лэжьащ) **Янукович Виктор** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦США-м щIыщ актёр, режиссёр, продюсер цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэтыр тIэунейр, «Дыщэ глобусыр» плIэнейрэ зрата, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуэгъэфащэ **Хэнкс Том** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Урысей актрисэ, уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистэ **Гусевэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокIу.

♦Урысей актёр, режиссёр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ артист **Дюжев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIыжьыр.

Налшык, Къэбэрдей-Балъкъэр щыщIыпIэхэм: щIыгум тепсэлъыхьащ. Къэлапщтэмэ, сатир-эпидемиологие шынагъуэнщагъэр гъэззэщIэным ехьэлIа Iухэугъэзым и нэIэ трагъэтыну, хъыбарегъащIэ-гурызыгъаIуэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи иригъэкIыну.

ЦIыху къэпсэлъыгъэхэм я деж юридическэ лицохэр, бэлэрыгъащ икIи шынагъуэншагъэм тетын зэрыхуейр IэщIыб ящIащ. Апхуэдэ къэдгъэхъуэ хъунукъым».

КIуэкIуэ Казбек администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ иритьхьащ уэ зэрыщIалэм зиубгъуныр къэмыгъэхъунщагъэр гъэззэщIэным ехьэлIа Iухэугъэзым и нэIэ трагъэтыну, хъыбарегъащIэ-гурызыгъаIуэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи иригъэкIыну.

Лъэпкъ проектхэр гъэззэщIэныкIэ муниципальнэ щIыналъэхэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ абыхэм хухаха ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**. Абы къыхигъэщащ муниципальнэ зэгурыIуэныгъэхэр зэщIыкIэныным адэкIи зэрыпащэр. Я мурада 159-м ящыщу контракти 155-р зэращIылIакIэщ.

Зи пщэ къыдхуэу Iухэущ IапIэхэмрэ муниципалитетхэмрэ щыналъэм и унафэщым къыхуриджащ щытыкIэр къамыгъэтIасхъэну икIи зыхуеину псори зэфIагъэкIыну лъэпкъ проектхэмрэ зыхуагъэувыжа къалэнхэмрэ я гъэззэщIэн папщIэ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** и гугъу ищIащ дызэрыт илъэсым и щIышылэ-мэкъуэгъуэ мазэхэм щыпIэ бюджетхэр гъэззэщIа зэрыхъуам.

Коронавирус уэ зэрыщIалэм къиша щытыкIэм ялъэ илъэс ныкъуэм къикIуаxэм ижь къащIихуащ. Къапщтэмэ, 2020 гъэм и мазихэр щыпIэ бюджетхэм къаxьэлIащ сом мелуани 195,6-рэ яхуримыкIуу. Нэгъабэ еПъитауэ щыпIэ бюджетым и хэхъуэр процентыр 112,8-м нэсащ. Абы щыгъуэми щIыналъэхэм я муниципалитетхэмрэ къалэ округхэмрэ езыхэм я хэхъуэхэм зэрыхэщI зэпымыоу уолъагъу. Налогыу щымыт хэхъуэхэр 2019 гъэм елъытау зэрыхъуар процент 84-рэщ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ ЕГЭ-р еГъэкIыкIыным, щIыналъэр пскIыкIэ къызэгъэпэщыным, ТКО-р ишыным, республикэм щыщIэ псыкъуи, мафIэ щытыкIэм ехьэлIа Iухэугъэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iэхущ IапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министру гъэувын **Лисун Еленэ Александр и пхъур**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м
№81-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Электрическэ къарур къагъэсэбэпыныр зэрыщыту е (хьэмэ) Iыхьэ гуэркIэ япэубыдыныжьыкIэ хабзэхэм, «Электрическэ къарур кьэгъэсэбэпыныр зэрыщыту е (хьэмэ) Iыхьэ гуэркIэ япэубыдыныжьыкIэ сату щIапIэхэр зэрылажьым и Iэухуэкъ». Урысей Федерацэм и Правительствэм 2012 гъэм накъыгъэм и 4-м къыдигъэкIа унафэ №442-мкIэ къащтам и 15-нэ пунктым ипкъ иткIэ:

1. Электрическэ къарур кьыззрагъэсэбэпыр япэубыдыным экономикэ, экологие е социальнэ мыхъумыщIагъэ къызрикIуэнкIэ хъуну электрическэ къарур (лъэщагъыр) къэзыгъэсэбэпхэм я спискэр кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм мэкъуэгъуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №74-РГ-м кьару имыIэжу кьэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуэгъуэгъуэм и 23-м
№858-РГ

● Егъэджэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым урысыбзэмкIэ Зыуэ щыт экзаменыр еджакIуэ 2897-м щатащ

Зыуэ щыт экзаменхэр, адрей илъэсхэм ельытауэ, мы гъэм зы мазэкIэ нэхъ кIасэу щIадзащ. Мэкъуэгъуэгъуэм и 6-7 махуэхэм урысыбзэмкIэ я щIэныгъэр къаГъэлъэгъуэну утыку ихьат КъБР-м и еджакIуэ 2897-рэ, экзаменыр щекIуэкIащ щыпIэ 27-м.

ЕГЭ-центрым и унафэщI **Мэшыкъуэ Анзор** зэрыжиIамкIэ, санитарно-эпидемиологием къигъэув щытыкIэхэм хуэкIуэу экзаменыр щекIуэкI щыпIэхэр къызэгъэпэщащ, къэхъу-къащIэ гуэри къыхэмыкIыу махуитIри зэфIэкIащ.

Рособрнадзорым, къэрал экзамен комиссэм и лIыкIуэхэр, КъБР-м егъэджэныгъэ Iэухуэкъ и къызэгъэпэщакIуэхэр жьыжьэу кIэлъыплъащ экзаменыр дзэ щыпIи щыуагъэншэу егъэкIуэкIыным. Апхуэдэу Iухэум онлайн щыкIэкIэ щыкIэлъыплъащ щыпIэ ситуационнэ центрым.

УрысыбзэмкIэ Зыуэ щыт экзаменыр, сыт щыгъуи хуэдэу, Iыхьитlу гуэшащ: зы Iыхьэм лажьыгъэ 27-рэ, етIуанэм - 26-рэ хэтщ. Ахэр гъэззэщIэным сыхьэтищрэ ныкъуэрэ хуха-хащ.

Школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм зи гугъу тщIы экзаменыр нэхъ мыхьэнэ зиIэхэм хабжэ. Щэджэм кьалэ №1-нэ курыт еджапIэр къэзыух Ету Миланэ къызэрильытэмкIэ, фIыуэ зыхуэбгъэхьэзырмэ, тыншу балли 100 кьыпхуэхьын хуэдэщ:

- Школым щыдмыджа упщIэ сыщрихьэлIакъым сэ кьысIэрыхьа вариантым. Сочиненэр зытеухуа Iэхъугъуэр си дежкIэ тыншт, гъэщIэгъуэнт, аргументхэр псынщIэу кьыхэсхащ икIи си гупсысэр нахуэ кьэщащ.

Мы махуэхэм экзаменым я узыншагъэм и зэранкIэ зэмытыфахэм урысыбзэмкIэ я зэфIэкIыр кьагъэлъагъуэфынущ е мэкъуэгъуэгъуэм и 25-м, е шыщхьэуIуэм и 3 - 8 махуэхэм.

Мэкъуэгъуэгъуэм и 6 - 7-хэм лажьыгъэ зытхахэм экзаменым кьырикIуаxэр мы мазэм и 23-м фIэмыкIыу нахуэ къэхъунущ.

ЖьыIэпхъэщ, еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну зи мурадхэм я дежкIэ урысыбзэмкIэ Зыуэ щыт экзаменыр Iэмалыншэу зэрыщытыр. КъыкIэлъыкIуэу школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI кьыщагъэлъэгъуэнущ математикэмкIэ экзаменым, ар екIуэкIынущ мэкъуэгъуэгъуэм и 10-м.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Гъуэгур зыхуей хуагъазэ

«Зыхуей хуэза шынагъуэншэ автомобиль гъуэгуэкIэ» лъэпкъ проектым и щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр абы екъэлIа лэжьыгъэхэр зэIуахуэ, наIуэу зэрекIуэкIырщ. Жылагъуэм щыщ къэпщытакIуэ гуп щIэх-щIэхьурэ йоплъ Iухэур дзэ нэсами, дауэрэ зэфIахьми.

ОНФ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щыналъэ Iэнатlэм и активистхэр, КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр ящIыгъуу, бадзэуэгъуэм и 29-м щыIащ Шэрдэж районым. «Аруан - Уштулу» гъуэгум щытехьэ щыпIэм щегъэжьауэ Къэщкъэтау кьуажэкхъэм нэс (Мечиевым и цIэр зезыхьэ уэрамым) гъуэгум асфальт тралъхащ, уэшхыпс илъэдапIэхэр хуащIащ, гъуэгубгъуэр зыхуей хуагъэзащ. Объектым и кIыхьагъэр зы километрым щегъу.

ОНФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьалъытащ мы гъуэгу Iыхьэр зэгъэпэщыжьным мыхьэнэшхуэ зэриIэм кьыдэкIуэу икIи икъукIэ зэрыгугъур, сыту жыпIэмэ бгылъэ щIыпIэу зэрыщытым кьыхэкIыу кьэгъэшыпIэ зыбжанэ иIэщ, уэрамыр лъагэу кьыщIедзэри кьелъэхъшэхыурэ макIуэ.

ОНФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и активист Гордиенкэ Александр жиIащ: «Бгылъэ щIыпIэхэм щыпсэу кьуажэхэм уэшхыпсыр зэращIэлъадэр я Iухэу нэхъ кьыинхэм ящIащ зыщ. Шэчынншэу схужьIэнущ мы гъуэгум и деж апхуэдэ кьыззрыщымыхъунур, псы илъэдапIэр мардэ псоми кьизагъэу зэрыхуащIам кьыхьхьIыу».

КъэпщытакIуэхэм, лэжьыгъэм ехьэлIауэ, зыхуей хуэмыза, зэгъэззэхужьхьи хуей кьагъэлъэгуакъым.

Гъуэгу Iыхьэр зэгъэпэщыжьныр ягъэува пIалъэм нэхърэ нэхъ псынщIэу йокIуэкI, бадзэуэгъуэм и 15-м яухыну я мурадщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

Унагъуэ нэхъыфIхэм йохъуэхъу

Унагъуэм, лагъуныгъэм, пэжыгъэм и учреждение махуэм ирихьэлIэу Бахъсэн щIыналъэм зэщхьэгъусэ нэхъыфIхэр щагъэпажащ.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къэзан Заурэ ЗАГС-м и кьудамэм и унафэщI Дышэкl Жаннэрэ районым щыщ унагъуиплIым ехъуэхъуащ икIи фэеплъ тхыгъэхэр, «Лъагъуныгъэмрэ пажыгъэмрэ папщIэ» медалыр, саугъэт лъапIэхэр ираташ зэщхьэгъусэхэу Кульчаевхэ Магомедрэ Любэрэ (Жанхъуэтекъуэ), Урысбийхэ Артурэ Мадинэрэ (Кыщпэк), Сыжажэхэ Сергейрэ Маринэрэ (Пысъуерей), Шагъэрбийхэ Хьэмидбийрэ Мариерэ (ХьэтIохъущыкъуей).

Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и пресс-Iэухуащ IапIэм и унафэщI Чылар Аринэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, гупльитlэ зыхуащIа унагъуэхэр щагъэхэ зытрахащ икIи зыдэс кьуажэхэм щIа щызыIэхэщ. Зэщхьэгъусэхэм унагъуэ быдэ икIи зэкъуэт зэфIагъэуващ, лъагъуныгъэр, пщIэ зэхуэщIыныгъэр, зэщIэгъэкъуэныгъэр я лъабжьэу. Абыхэм я щIыхькIэ а махуэм псалъэ гуапэ, хъуэхъу куэд жаIащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ шыщхьэуIум (августым) щыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей почтым и дэтхэнэ Iухэущ IапIэмэ.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 580-рэ кIэпIейкIэ 25-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Кхъахэ хъуари кхъэм ехъуапсэркъым.

КъыкIуэт жыхуаIэр щIэртэкъым

75

Совет Союзым и ЛIыхъужь Стеблинский Сергей

Зауэм и пэ кьихуэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм я псэукIэр ефIакIуаУэ, къэралым зыужьыныгъэ игъэтауэ щытащ. Балигъхэр лажьэрт, я пщIэнтIэпсым хъерыфI кьыпэкIуэрт. ЩIалэгъуалэм щIэныгъэм зритат.

ПщIэнщу щыгъаджэу къэралым еджапIэ минхэр кьыщызэIуахат. АтIэ узыхуэй IэщIагъэкIэ уеджэу фIыуэ плъагъу лэжьыгъэм упэрыувэжьну Iэмал зэрыбгъуэтыр насыптэкъэ?! А насыпыр зыпаубыд ныбжьыщIэ щIэнтэкъым. Стеблинский Сергей I а насыпым хэнакъым. Школ нэужьым Налшык институтым щеджащ. Ауэ щIалэ гурыхуэм мурад ещI адэкIи и щIэныгъэм хигъэхъуэну. Москва макIуэри нэхъ игу иригъэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIотIысхьэ.

1941 ГЪЭМ мэкъуаугъэрым и 21-м Сергей къиухащ ещанэ курсыр. Студентхэр егупсысыгт гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрагъэкIуэным, къэралым щызэбгрыкIыжхэу я адэ-анэхэм ГъагъэнIатIэ зэрагъэкIуэным. Зэкурсэгъуэхэр зэгурыIуэт екьэжьжьи и пэкIэ Москва и Гъунэгъуэмэзэхэм къыщакIухьыр зэрыщIэхьажанэкIэ я нэгу зрагъэужьыну... Зыми игу кьэкIыртэкъым нэху кьекIмэ, я гугъэ псори зэрыльэхьэжыну, гуэвэгъуэ иным кьыхэушэу Iэщэр кьэщтэну. ПщэдджьжьыщI къащIащ мамырыгъэ зыхудIа Германиер хьэ щэхурыпхъэм хуэдэу кьыззэрыттеуар.

Куэд мыщIэу Стеблинскэр щIагъэтIысхьэ топгъауэ зауэлIхэм я унафэщI хьунуэр щрагъаджэ курсхэм. Iэщэр Iэзэу кьитэсхэпыкIу, унафэ ищIыфу абы щагъасэ, зэман кIэщIкIэ еджапIэр кьрагъэхурэ, лейтенант нэхъыщIэ хьуауэ зауэм ягъакIуэ. Ар хэхуащ тIощIрэ етхуанэ фочгъаУэ дивизэм и 53-нэ топгъауэ полкым.

Занщ1эу Стеблинский кьыухутащ зауэ гуащIэ щекIуэкI щIыпIэм. Полкым зэтрИыгъэт Дон и зэрпыкIыпIэхэм мыщIэу зыимкIэ кьебгъэрыкIуэ фашистхэр. А зэпрыкIыпIэр зыIэрыгъэхьэн щхьэкIэ бийр и кьарум еблэжьыртэкъым, зы гуп кьыззхакьутэжащ, етIуанэр абы и пIэм иригъувэрт. Ары укьубеям и толкъунхэр зыпэмыльтэщ кьыр быдэу бийм кьыхуцIэкIащ полкыр...

Зэгуэрым дивизэм и унафэщI Шафаренкэ хьыбар кьрагъэщIащ ебланэ топгъауэ гупым я пашэр кьаукIауэ. Хэт абы игъэкIуэнур? Стеблинскэм ЛIыгъэ хэлъщ хужаIэу зыбжанэрэ зэхихат. Офицер щIалэр иреджэри, Iэзэур зытетыр кьыжрелэ. Сергей Iэнкунащ: езым нэхърэ куэдкIэ нэхъыщхьэ офицерым и кьулыкъу кьыхуагъэфащэ. А пщIэм хуэфащуэ кьыщIэкIыфыну?

- Щхьэ зиплъэфыхьрэ? – кьоупщI абы дивизэм и унафэщIыр.

- СлъэкI кьэзгъэнэкъым.

- Ар жэуап тыкIэ хьунукъым, лейтенант нэхъыщIэ. Уэ плъэкIын хуейщ комбатым хуэзфIэкI псори. АбыкIэ игугрэ уи щхьэрэ зэтелъу зауэм уIухьэн хуейщ. Унафэщым гушхуэныгъэ хэлъмэ, зауэлIхэми яхэлъщ. Бийр бзаджэщ...

- Хэт бзаджэми дэ а фашистхэм ядгъэлъаГунщ, - зэуэ кьызэщIонэ Стеблинскэр.

Шафаренкэ нэщхъыфIэ кьэхъужащ: хьунущ мы щIалэр комбат. Апхуэдэ фIэщхьуныгъэ зыхэлъым зауэлIхэри игъэшуэфынущ.

- ГъэзащIэ унафэр!

КьызэрыгуэкIтэкъым унафэр: бийр нэхъ гуащIэу кьыздеуэщIыпIэт ар зи унафэщI хьуа батареем и хэщIапIэр. Фашист кьхъульатэхэр ящхьэщкIамэ, танкэр кьеежьэрт. Я1э махуэм и закъуэ нэмыщэ танкибл якьутащ. ЕтIуанэм – нэхъыбэж. Якьута танкхэм я бжыгъэр хэхъуэурэ махуэ зыбжанэ кIуащ. Зэгуэрым, зауэр нэхъ зэпыуауэ, Сергей дивизэм и штабым иращ. И закъуэтэкъым - ЛIыгъэ зезыхьэ зауэлI зыбжани щIыгъут. «Сыту пIэрэ кьытхуамурадыр, ныбжьэгъу командир?» – жаIэу зауэлIхэр кьеупщIырт, ауэ езыри абы щыгъуаэзэтэкъым.

- Варенэ хэлъу шеибжьэ зыриз драгъэфэнущ, - жиIэу Тимофей ЛIыжьыр гушыIэрт.

И ныбжьым щхьэкIэ зауэм кьамыгъэкIуэну кьафIэкIуа а тхьэмадэм Iэхуэ хэплъэгуэ щыхьукIи и гушыIэнкIи щрагъэкIуэн. Тыкъэ зыгъэпс ныбжьыщIэм зауэр здекIуэкIым сытым хуэдэу ар дэгушыIэрэт: «Танк» пэнцIыбым фIэкIа нэгуэущI бгъуэтыркъэ уэзуэн?! Мес зым и пэм утехуащ, адрейм и нэкьгъуэр ипкъутыхащ. СлъэкI, IэштIым зауэ уфIэщыхьащ уэзуэтыр?.. Моуэ, и гущхьэм хуэзэу утIыпщ а шэр».

Гупыр кьыздежьам нэсащ, пщIэ кьыхуащIу дивизэм и унафэщIым деж щIашахэщ. Ари гуфIэжу кьаложьэ, кьапложьэри гуапэу я Iэхуэ кьеубыд: «ЛIыхъужьхьэм фи Iэху Iей хуэдэкъым».

- ЩIэлэнгуэ сыт? Ди бийхэм я Iэхуэр Iейуэ щрет, - жи Тимофей. – Зыгуэр щыIэну? Мыбы нэс дыкъыщIшащIэ, дауикI, гъущэпсыщу дыкъутIыпщыжынкъым.

- А жьхуэпIэри дгъэтIынущ, ауэ зэкIэ мыр... - Дивизэм и унафэщIым абы и бгъэм дамыгъэ лъапIэ кьыхелъхьэ. Тимофей кьэгумэщIащ, тольэщIыхь медалым. Абы щIыгъуэ Стеблинскэм кьритащ «ЛIыгъэ зэрыязэрыкьым папщIэ» медалыр. Ар я1эу Хэкур кьызэрыхуэупсэ дамыгъэ лъапIэт. Абы кьыкIэлъыкIуащ зэрыгъэщIэжи.

Сталинград дэж бийм и дзэшхэр кьыщащхъуреихьауэ, абы зыкъраГъэтыным кьэнэжа щыIэтэкъым. Поэр темыпIэжу пIэлъэрт, «уэрджьхьуэ» якьуэу щIадзэу, бийдзэм кIэ щигъэтынум. Икли а махуэр кьэсащ. Стеблинский Сергей и гъащIэкIэ игу кьинэжащ я1эу фашистхэм я бжьым кьыщIагъэкIыжа щIыпIэхэр, щIыхуэр абыхэм кьаззэрыщIепжьэу щIыпIэр – гуфIэгъуэ нэпсэкр, уда гъэгъаэхэр, езыхэр зыхуэныкIуэ я щIакъуэ Iыхьэхэр... Ди зауэлIхэм кьаззэрыхуэмыгугфIэ, кьаззэрыхуэмыупсэ щыIэтэкъым.

Абы иужькIэ дивизэр Харьков лъэныкъуэкIэ ядз. А лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIа зауэхэм топсэльыхьыж «Полкым бийм пэщIэува» жиIэу генерал-майор Штыковым итха тхылъыр. Абы итщ: «Мазаем и 14-щ, пщэдджьжь пасэщ. Бгы щIыIэм и ижьырабгъу щыгумкIэ полкыр щозауэ. Абдежьым - ар итэкIэ щIыпIэ бгыщ - укъытетащ, гукъинэж кьыпщIыхьу теплъэгъуэр нэгум кьыщIоувэ. И лъабжьэмкIэ зыщиубгъащ кьалэ абрагъуэм...

Мазаем и 15-м ичынды нэблэгъуэ нэхъ хуэму дебгъэрыкIуэ хъуащ. Топхэм дапоплъэ, дзэ псомкIи кьаблэр кьызэрытщтэнум зыхудогъэхьэзыр. Жэщ ныкъуэм фIэкIауэ топхэри кьешэлIэн щIадзэ. Иджы ди Iэ-ди лъэри нэхъ щIэкIынкъэ. Пщэдджьыжьым ди топхэм уэн зэрагъуэ вокзалымкIэ добгъэрыкIуэ, ехъулIэныгъи кьыдоих.

Батареем и командир Стеблинскэм, полкым и мызакъуэу, дивизэ псом и цIэр фIыкIэ щыжаIэ. ЛIыгъэ зыхэлъ цIыху Iэдэбщ, и топгъауэ гупри зэфIэкI я1эу егъэзэуэфэ. СощIэж Харьков кьыщытщтам ар ундэрэщхъуауэ зэрыщытар. ИтIани уIэгъэщым щIэгъуэлъхьэн идатэкъым»...

ХАРЬКОВ иужькIэ дивизэм, Валки лъэныкъуэмкIэ щобгъэрыкIуэри, бийр иригъэкIуэт. Ауэ абыкIэ фашистхэм дзэшхуэ щагъэхьэзыкIуэ кьыщIокIри, ди фочагъэ полкэр кьеублэрэкIыж. Танккэр кьызэрыкъуох, ди топхэр зэтрауплIэныр, зэтрагъэщхэныр, топгъауэр зэтраплITэныр, зэтрауклIэныр я кьалэну. АрщхьэкIэ Стеблинскэм и гупыр уэзрауэу зэкъэпкъутэфым хуэдэтэкъым, ахэр Дон деж бийм и кьаруушхуэм кьыр быдэу зэрыщыпэщIэтам хуэдэт иджыри. Ары укъубеяр зыпэмыльэщ кьыр быдэт... Дэтхэнэ зауэлIм кьыхэщт иIа-кьым. Пэжщ, хэкIуэдахэри щыIэт... Командирым зэуэ гу лъетэ зы топым бгъэдэта псори кьаукIауэ, связистыр зыщIегъури абыкIэ мажэ, псынщIэу топыр яуэздри, я1э кьаща танкыр и пIэм ирагъэщаэх. А махуэм батареем нэмыщэ танки 5 игъуэгати, абы щыщу тIум кIэ езытар езы Сергейт... Абдеж зэрыщыдзуам кьыпэкIуэу Стеблинскэм кьрат Ваг1уэ ПлъыжькI орденыр.

Абы иужькIи зыгъэпсэхупIэ ихуэркым дивизэр. Днепр зэпрокIри лIэн-кьэнэну бийм пэщIоувэ. Стеблинскэм и батареер я1эгъэжьыхьну фашистхэм танк 30-м щигъу кьратутIыпщат. Ауэ кьапэмыльэщу, танкитху кьутауэ зэуалIэм кьыIуанэри, икIуэтыжахэщ. ЗыбуамкIэ Iисраф кьыщащIыну хуожьэ, кьухъльатэхэр пщIырипщу, пщыкIутхупщыкIутхуу дыдейхэм кьащхьэщIыхьэрэ, я бомбэхэр кьрагъэпъэльэх. Iугъуэмрэ мафIэмрэ зэщIрагъэщтащ щIылъэри, дунейр мафIэм есыж жыпIэнщ. «Кьуанщэ фIыщIэхэр» зэрыпIуэтэныжу, аргуэру танкхэр кьежьащ. КьокIуэхэр зэбгъуэрыту, гъущ хъэпщхупщ абрагъуэхэм хуэдэу, я мафIэбзийм гъуэгу напщIэр илыпщIу.

Батареем цIыху куэд хэщIат, и топ зыбжани кьутат, шэхэри зэрригъэзахуэрт. Апхуэдэу щыт пэтми, сонет зауэлIхэм бийр зэтраIыгъащ ди дзэ нэхъыщхьэхэр кьекIуалIэу фашистхэр рублэрэкIыхьу. Батареер зыхьхьэ фочауэ дивизэм щыщу абы щыгъуэ цIыху 25-м фIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Кьэрал унафэщIхэм апхуэдэ пщIэшхуэ зыхуащIахэм ящыщ зыт ди хэкуэгъуэр.

ХэкУ зауэшхуэр ихуа нэужь Стеблинский Сергей дзэ академием щеджащ. Илъэс куэдкIи дзэм кьуплъкъу щищIащ щIалэгъуалэр и Iэхуэм хуигъасэу, хуригъаджэу.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым бадзэуэгъуэм и 7-м иужьрей гъэрагъэжащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, УФ-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм и секретарь, КъБР-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ, тхэлIэ, журналист цIэрыIуэ Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр.

Мэзыхьэ Борис 1940 гъэм мэлыжьыхь маззэм и 7-м Щэхъэлыкъуэ къуажэм кьыщалъхуащ, курыт школым щеджащ. МэкъумэзышIэ унагъуэм кьихъуькIа щIалэр колхозым зы илъэскIэ щылэжьащ. ИтIанэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ.

Лэжьэн щIидза нэужь Мэзыхьэ Борис кьулыкъу зыбжанэ ихъуэжащ. Ар щылэжьащ печатым и щэхуэхэр щахъумэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIа Iэхуэщ1анIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым (корреспонденту, кьудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевидензмрэ радиомкIэ и кьудамэм и пашэуи щытащ. Мэзыхьэр тIэунейрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату. Ар КъБР-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм и секретарь, УФ-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм илъэс 37 хъуауэ и тхьэмадэт.

Мэзыхьэ Борис и фIыгъэщ «Адыгэ псалъэ» (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Адыгэ макъ» (Адыгей), «Черкес хэку» (Къэрэшей-Шэрджэс) газетхэм я номер зэгуэтхэр мазищ кьэс зэ зэгъуэгу кьыдэкIыжхьуар. Абы зэкъуеГэувэ республикищым щIыпсэу адыгэфэ зэIуплъ зэлъэпкъэгъуэр. Апхуэдэ я1п номер 28-м и гуащIэ хилъхьащ адыгэлI щыпкъэм.

Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм Мэзыхьэр хамэ къэрал куэдым игъэкIуащ икIи абыхэм и нэгу щыщIэкIаIэр газетым кьытригъадзэжащ. КПСС-м и ЦК-м пщэрылъ кьыщищIри, совет лЫыкIуэхэм я пашэу Бангладешым щыIащ.

Художественнэ творчествэмэ жылагъуэ лэжьыгъэхэми ехьулIэныгъэфIэкIэ щызиIа Мэзыхьэ Борис хуэфащэ гулъытэ игъуэтащ - Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр кьыслъагащ. Мэзыхьэм кьыхуагъэфэ-щащ СССР-м, Урысей Федерацэм я Журналистхэм я союзхэм я саугъэтхэри, щIыхь, щIытхъу тхылъ куэди кьратащ.

Абы и Iэдакъэщ1экIхэу «Гъуэгуанэ псалъэ», «Ваг1уэззэшибл», «Пц1ащхъуэ хужь», «Маззэх жэщ», «Бжьыхьэр пщIащ пылъэлъыжьыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьэр», «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ», нэгъуэщI тхылъэхэри щIэджыкIакIуэхэм ягу дыхьащ. Адыгэбзэм кьриГъэззэгъа Мэлбахьуэ Елбэрд и «Іуащ1ьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», Вэрокъуэ Владимир и «Яхуэзыгъэгъум къаХурегъэгъу» романхэмкIэ, Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат» повестымкIэ цIыхубэр игъэгуфIащ.

Борис адыгэбзэм хуеджат, филологие щIэныгъэ иIэт. Абы и бзэр дахэт, лантIэт, щIэщыгъуэт. Новеллэ жанрыр я1эу нэхъ Iэщ1агъэ зыхуэхъуар, абы и дахагъэмрэ и фIагъымрэ нэхъ Iупщ1 тщыкIыр Мэзыхьэ Борисщ. Абы и тхыгъэхэрщ ди проэзм и жанрыр зэрефIакIуэр нэхъ иаIуэу кьызыхэщIыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэхэр ди литературэм кьригъэтIэсащ, а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIэхэр тету.

Инщ абы адыгэ литературэм, журналистикэм хуищIа хэлъхьэныгъэр. И Iэдакъэщ1экIхэр дунейм тетыхукIэ псэунущ езыри, и цIыхугъэ иныр дигу илъыху кьытхэтыныщ Мэзыхьэ Борис.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ, «КъБР-Медиа» къэрал-кIэзонэ Iэхуэщ1анIэ, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союз, КъБР-м и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгугъэныгъэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащьэмахуэ» журналым я редакцэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

● Щыгъуэ псалъэ

Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым

Журналистикэм и ветеранэм, «День республики», «Карачай», «Черкес хэку», «Абазашта», «Ногай давасы» газетхэм я редакцэхэм я лэжьакIуэхэр, Урысейм и Журналистхэм я союзым и щIыналъэ кьудамэм хэтхэр ягуми я псэми кьыбгъэдэкIыу хуогъавэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм, тхакIуэ, журналист, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми щIыхь зиIэ я журналист Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр дунейм зэрехьажьыкIыу.

Борис и гъащIэ псор творчествэм хъэлэлу уэзрыхуэлэжьэнри, укъыщалъхуа щIыналъэ щIыхь зэрыплъагъунри, узыхэс лъэпкъхэм пщIэ зэрахуэпщIынри и щапхъэ нэст. Абы кьыхуагъэфащат Урысейм и Журналистхэм я союзым и сагъэтыр, УФ-м и Журналистхэм я союзым и Федеративнэ Советым илъэс куэдкIэ хэтащ, СССР-ми Урысейми я журналистхэм я съезди 10-м щIигъум ягъэкIуащ. Лъэпкъ журналистикэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ Борис ди къэралым и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм и ЩIыхь дамыгъэр кьыхуагъэфащащ. Илъэс 15-кIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ Мэзыхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ хахащ.

Ди республикэм и журналист зэгугъэныгъэм хэтхэм пщIышхуэ хуащIырт КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэу илъэс 37-м щIигъукIэ щыта я лэжьэгъуэм. Мэзыхьэ Борис «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыщыта зэманым кьыхилъхьэри, кьыдагъэкIын щIадзат Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыдэкI газетхэм я номер зэгуэтхэр. Ди лъэпкъэр зэкъуэзыгъэувэ а Iуэху дахэр нобэр кьыздэсым йокIуэкI.

Мэзыхьэ Борис и къэлэмпэм кьыщIэкIащ художественнэ проэз тхылъу 20-м нэс. Аэр кьыщыдэкIащ Налшыкрэ Москварэ. Абы и тхыгъэхэр тыркубзэрэ хьэрыпубзэкIэ зэрадзэкIауэ дунейм кьытехьащ. Езыми и кьалэмыр Iэкlуэлъакlуэу хуиГъэжьащ. ТхагъэкIуэ щIыпIэхэр адыгэбзэм и щIыгъэззэгъэнэм. Апхуэдэу абы зэридзэкIащ Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат» повестыр, Мэлбахьуэ Елбэрд и «Іуащьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэщ», Вэрокъуэ Владимир и «Яхуэзыгъэгъум къахурегъэгъу» романхэр.

Борис цIыхуфIт, ныбжьыгъуэ пэжт, чэнджэщкIуэ губзыгъэт, адыгэ хабзэм фIыуэ хищIыкIырт, сыт хуэдэ Iуэхуми гумызэгъагъэрэ жэуапльныгъэрэ пылъу бгъэдыхьэ Iэщ1агъэлIт. Журналист Iэзэ кьыззэрыщIыкIа цIыху куэд Iэщ1агъэм и щэхуэхэм хигъэгъуэзэн пьэкIащ абы.

ХэщIыныгъэшхуэ зыгъуэта лъэпкъ интеллигенциэм Мэзыхьэм и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмри фи гуаэр вдыдоIэт икIи дывдощIыгъуэ.

КЪУЛ Фэрдаус,
КъШР-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм и гуащ1э.
Черкесск къалэ,
2020 гъэ бадзэуэгъуэм и 7

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, УФ-м и Журналистхэм я зэгугъэныгъэм, Журналистхэм я зэгугъэныгъэхэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь», газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр **Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэм** и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъэзавэ ар дунейм зэрехьажьыкIыу.

Альтудым и дамэ, лъэпкъым и щIыхь

Мы тхыгъэр зытеуэжар Альтуд къуажэм щыщхэу МэремыкъуэАхьмэдрэ абы и щхьэгъусэ Щэрифэрэ я бынунагъэшхуэм сабий нэхъыщIэ дыдэу - ебланэу - 1915 гъэм фокIадэм и 24-м къыщалъхуа Анэщ. Абы дэлъхуитхуэ зы шыпхъуэрэ иIэт. Дэлъху нэхъыжьхэу СултIан, Анатолэ, Нурхьэлий, Мухьэмэд, Амхьиад, и шыпхъу Мэржан яхэту.

АНЯ кьыхэкIащ нэмысрэ насыпрэ зэрылъ, зэгурыIуэрэ зэдэIужу псэу, зышхьирэ зыщIэнрэ зыгъуэт, зыр адрейм щыдзIэпыкIу мэкъумэшыщIэ унагъуэм. Ар илъэсий щрикIуэм кьуажэ школым щIэтIысхьэри, классиблыр фIы дыдэу, и егъэджакIуэхэр кьыхуэарэзыуэ, и адэ-анэри кьыщыгуфIыкIыу кьиуахащ. И ныбжь емыльытагъэ Аня сытым дежи кIэщIуащ цIыкIэт, акъыл жан зиIэт, гъащIэмрэ дунеймрэ я кьэхъукъащIэхэм кьууэ егупсыст. А зэманым хуэзэу пщIыхьапIэ гъащIэгъэ ильэгъуауэ щытаУэ жиIэжырт и Іэщ1агъэ, и псэукIэ, и насыпэ хъунум техуауэу: уанэм тесу пшэхэм я щхьэжжIэ уэгум ити, кьеплъыхмэ, губгъуэхэр, мэзхэр щхьэантIэ дахэу, и лъащIэжкIэ унэхэр щцIыкIунитIэу щилъагъуу.

А пщIыхьапIэм Аня и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIауэ жьIпIэ хъунущ. Абы иужькIэ ар куэдрэ уафэм дэплъей хъуащ, хуарэзу уэгум и кьуаргъэхэм, бгъэхэм, кьхъульатэхэм игъэщIагъэу якIэльыплъырт, сыт хуэдэ кьрауэ пIэрэ ахэр кьемыхуэхыу хьэуам хэзыIыгъэр жиIэу егупсысырт. И пщIыхьапIэри щIэх-щIэхьыпэ игу кьэмыкIыжу кьанэрэткъым.

Налшык дэс и дэлъхур, и адэ-анэм ящIэнущIэну кьэкIуэжауэ, Аня кьеупщIащ: «Школыр хьарзынэу кьэбухащ, адэжь сыт пщIэну уи гум итыр, си шыпхъу цIыкIу?» - жиIэри. Абы кьыхуиIуэтащ Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ кьалэ цIыкIум хуэт педагогикэ техникумым щIэтIысхьэну хуейхэм я дэфтэрхэр кьыIахьи зэрыщIадзар, парашютист хуэну щIэхъуэпсэхэм папщIэ ДОСААФ-м и унафэм щIэту аэроклуб кьызэрыхэхар. СутIэн Аня еупщIащ, и адэ-анэми енэнджащIри, унафэ ящIащ а еджапIитIми щеджэну хуей Аня Налшык эдишэу щIигъэтIысхьэну. Апхуэдэуи ящIащ.

Я1п махуэм щегъэжьауэ Аня ерыщу и мурадым хуэкIуэн щIидзащ. Дзэныхэх Іэщ1агъэхэр зриГъэгъэтын папщIэ кьыкIуэт ищIакъым, егъэджакIуэхэм я жьIэм фIэкIа Мазэ зыгъуэ, нэхъ дэмыкIыу, нэхъыфI дыдэу едж курсантхэм ящIащ хъуащ икIи ар ящIащ парашют спортым и инструктор. Еджэныгъэм и программэм тету кьхъульатэм и зэхэтыкIэм, парашюткIэ укъелъэн щхьэкIэ Іэмал имыIэу пщIэн хуей псомиущагъэгъуэза иужь, курсантхэр кьхъульатэм Іуэрыгъуэу ирагъэтIысхьэри, уэгум драхьэйуэрэ ирагъэщIахэр нэрыльагъуу щIагъэбыдэрт. Абы иужькIэ экзаменхэр, зачетхэр ирагъэтыжыри кьащIэрт хэт сыт хуэдэ щIэныгъэ игуэтами. Мыбдежми Аня я1п зыри кьиувэфакъым. Абы кьыхIащащ инструктор, мазэ зытIущ дэкIри уэгум зыIэтынымрэ абы парашюткIэ кьельэнымкIэ инструктор нэхъыжь ящIащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым еджэхэм ящIэмэ си гуапэщ Аня азроклубым щIэныгъэ щыщыкIи-гъэгъуэт зэманым абы ди республикэм и къуэ пажэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Хэку зауэшхуэм кьхъульатэзэхуэу хахуэу хэта, нэмыщэ зэрыпIэхъуакIуэхэм я дзэм, я техникэм хэщIыныгъэшхуэ езыта Байсултанов Алим кьызэрыдеджар.

Аня хуэд щIауэ щIэхъуэпсыр кьхъульатэ зехуэнми парашюткIэ кьельэными хуэзэ зэрыхъуар и адэ-анэм, и благъэ-Іыхьлыхэм, и кьуажэгъуэм яригъэпъэгаУну икIи ар абы кьехъулIащ. Накъыгъэ махуэшхуэхэм ирихьэлIэу, азроклубым и унафэщIым и жьIэкIэ, кьхъульатэм ису кьуажэм кьэкIуэжурэ парашюткIэ кьельащ, и «гъущIышри» кьигъэтIысащ псоми ялъагъуу. Альтуд кьуажэм и гупэм деж иIэ губгъуэ нэщIыщхъуэ удэыпщIэ дахэм деж щыIэхуэсэ кьуажэдэсхэр щыгуфIыкIат бзыльхъуэм и зэфIэкIым, Іэгуаущхэм хуаIэтат. Мы щIыпIэм деж махуэшхуэм ирихьэлIэу щIыззхьхьэрт колхозым хэтхэр, абы и бригадипIми я мэкъумэшыщIэхэр, Іэщ1ыхэу фермэхэм я лэжьакIуэхэр, адрей альтуддэсхэри.

Езы Аня зэи игу имыухыж 1932 гъэм Псыхуабэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэ инырт. Абы кьрихьэлIат щIыхь мин 15-м щигъу. Іэкъэшхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэхэр, КПСС-м и обкомым и пэ секретарь Къалмыкъ БетIал я пашэу, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я унафэщIхэр, ди къэралым кьыщыдзкI газетхэм я корреспондентхэр. А псом я пIэгъуу кьхъульатэхэм метр 1100-кIэ щIэтейри, Іэзэу парашютымкIэ кьельауэ щытащ Мэремыкъуэхэ я пщащэр. ЩIылъэм кьызэрыслъ щIалэгъуалэр бгъэдэльадэри, зэрыгуфIэщахэм и щIыхьэ, драдзейуэ хуежьащ. ИужькIэ абы гуапэу ехъуэхъащ ди щIыналъэм икIахэри я-гъуэщI щIыпIэ щыщхэри. Кьалмыкъ БетIал и мащIинэмкIэ, а Налшык кьызэдащIащ. Ауэ щIыпIэ-щIы нэхъ дэмыкIыуи Аня и адэ-анэр и гъусэу КПСС-м и обкомым ирагъэблэгъащ, щIыхь тхылъэ ахъшэ саугъэтрэ (абы щыгъуэ ахъшэшхуэт сом мини 10-р) кьратащ. Илъэс 18 фIэкIа мыхъуа пащащэм ди республикэм, адыгэ лъэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ мис апхуэдэу иIэтыгъащ.

Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу Аня хэтыгъащ Москва и азроклубхэм ящIащ зым Авиацэм и махуэр щIащагъэльапIэм. Кьалэдэс мин бжьгъэхэм ящIыгъуу гуфIэгъуэм кьрихьэлIат ди къэралым и лIыщхьэхэр, нэгъуэщI щIыпIэ кIыкIа кьулыкъущIэ куэди. Гроэнэ кьалэм и азроклубым кьикIа Делявская Нинэрэ Мэремыкъуэ Анярэ я1п увыпIэр зэхащIэуащэ щытащ абы щыгъуэ.

Украинэм и Винницэ къалэм 1938 гъэм щекIуэкIат льатэ-парашют зэхьэзэхуэшхуэ. СССР-м и союз республикIэ 16-м кьикIа делегатхэр зыхэта я зэпеуэ иным, ди щIыналъэм щыщ гупым хэту, и зэфIэкI щигъэльэгъат Аня. Москва, щыкIэльыкIуэ Киев щыщ кьхъульатэзэхуэхэм зыкъагъэльэгъуэ ирагъэтIысхьэри, Аня хуитащ Мэремыкъуэм. Метр 1200-кIэ зиIэтри, и кьхъульатэмрэ езымрэ яхуэзэфIэкI псори кьызэхуэсахэм я1уэ ящищат бзыльхъугъэм. Зэм ижьымкIэ зригъэщIу, зэм сэмэгурабгъу зищIу, зэми и «гъущIышим» и пэр дригъэзейрэ нэхъ льагэ хуэду, зэми зыкърагъэльэхьэшхьэу уардэу уэгум итащ. ПарашюткIэ кьельэнымкIэ щызэпеуами, Аня я1п зыри иригъэщакъым.

Куэд дэмыкIыу Аня унагъуэ ихьащ икIи Тырныауэ кьалэм щыпсэуну Іэпхъуащ. Здынэсам кьыщыувыIэну хуэмей, щIэныгъэ, Іэщ1агъэ зэзыгъэуэтыну щIэхъуэпс пщащэр Владикавказ дэт медицинэ институтым щIэтIысхьэри, нэхъыфIу еджахэм ящыщу кьиуахащ. Гинеколог дохутыырм и дипломыр Іэщ1эпIу кьэкIуэжри лэжьэн щIидзащ. Мыбдежми Аня кьыщигъэльэгъащ гу хъэлэлрэ псэ кьабзэрэ зэриIэр. Хэт кьыбгъэдыхьэми, сэбэн хуэхъуфу, псалъэ дахэ яжриIэу, псори кьыхуэарэзыуэ, фIыуэ кьальагъуэу лэжьащ илъэс куэдкIэ. Аня сэбэн зыхуэхъуа, игъэхъужахэм я лъэпкъкIэ абы кьыфIащауэ щытащ «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр.

Иужькlэ Аня егъэджакIуэу щыпсэжащ Налшык дэт медицинэ училищэм, зыхэт гупым фIыуэ кьальагъуэу, пщIэ кьыхуащIу.

Цыху дахэу, цIыхуфIу дунейм тета Мэремыкъуэр 1983 гъэм накъыгъэм и 5-м дунейм ехьжащ - жэнэтыр увыIэпIэ хуэхъуауэ Тхьэм кьыщIигъэкI!

***P.S.* «Адыгэ псалъэ» газетым кьэдгъэсэбэну, ди къуажэм щыпсэу унагъуэ 1200-м ис щIыхь мини 6-рэ 300-м кьабгъэдэкIыу, ди республикэм и унафэщIхэм дельэIуну дыхуейщ Мэремыкъуэ Аня и фэеплъ Налшыки Альтуди щагъуэвыну, абы и цIэр кьыщалъхуа къуажэм и уэрамым фIащыну. Адыгэ лъэпкъым и пщIэмрэ и щIыхьымрэ лъагэу зыIэта цIыхур ящымыгъупщэнымкIэ, щалэгъуалэм абы и лIыгъэм щапхъэ трахынымкIэ, и цIэр мыкIуэдыжьынымкIэ ар щхьэпэнут.**

КЪУЖЭР ЛатIиф.
Альтуд къуажэ

● Щапхъэ

Амазонкэхэр - адыгэщ

● Щыхьэт

**Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр зыхэм

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77-79-хэм итщ).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ
Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

Зэгуэр и адэшхуэм (нэхъ иужьыІуэкІэ - и адэм) зэрищІу щытам ещхьыпсу, кІэмыргуеипщыр хьэмбыІуу псынащхьэм йотІысыпІэ:

- Уи пщэдджыжьыр дахэу, псынэ нэху! Сытхэр уи псысэ нышэдибэ? Дауэрэ къыпхэпса ди дыгъэ? - жриІэурэ псынэм и шкІур Іущабэм щІодэІури: - Ардыдэщ дэри. Ардыдэщ... Уэ уэщхьу ди мывэпэщІэдзэкэр нэхъри быркъуэшыркъуэщ иджыпсту. СымыщІэ, кІэрыху димыІэу дыпхрыкІыфынуми...

И Іэгу бгъуэз дахэхэр псынэжу Іувым щІигъэлъадэри, Бэлэтокъуэ Іэгубжьэ зэгуэлу псы мылым ейубащ. Псынэм и щІыІэпс къабзэм екъуэпсэжщ, зыбжанэрэ и напэпкъым хуиту щІикІэри, игу зигъэнщІыжаурэ куууэ щэтащ. КІэмыргуеипщым и псэр пхъэрырт и пхъурылъхэр иджыпсту а зэдэщІэм: «Даур зи щІалагъ, шэчрэ шубыхьэрэ иримыщІэкІыжу, и лакъуэм гугъу зыхурегъэхь, псэкІэ лъэпкъым хуолажьэ. Сэ эзнтхъ хьэкхъуафитІым я зэхуаку Іусынщэу дэлІыхьа алащэжкъым нэхъеЙ (мыжьмыгууи сыщымытат), ялэ къыгуэщэт нэпкъым си шхупъэр иригъэпкІауэ арат-тІэ? Мис псынэр: ухуеиху щІэІэбэурэ зэщІэгъэутхъуэ - зигъэжьбзэжьнуф. Псынэщ ар. Си псэри апхуэдэ дыдэщ - зиукъэбзыжьнф хуейщ!..

Бетэмал... Іэлигъэт-пащэр къызэхъуцацэу къыщежьам и ялэ махуэм щыпызупщІынф хуеят. «Гъэузи гъэхъуж» жиІакъэ цІыху Іущым. Згъэуэзынти, ар си щхьэ закъуэ Іуэхуу щытатэмэ, къэбэрдейхэм я цейкъуащІэм зыкІэрызыщІа бзаджэм кІэмыргуейхэр къезгъэл си гугъэжат! АбыкІэ нэгъуей пэщэи кърым хъани зыпызгъэкІын къыісфІэщІыжьурэ дзэгъашхэ яхуэсщІащ. Мэл хъушэрэ гъавэжІэ щхьэ уадэмыІэпыкъуэр иджыри Бэлэтокъуэпщ?! КІэмыргуейхэри нэхъри згъэщхьэрыуаэ ародж. Іущтэкъэ-тІэ: «Бзаджэм уи кІэкъуащІэ зыкъыкІэрищІэмэ, пыупщІи блэкІ!» - жызыІа пасэрей адыгэр?!» А гупсысэхэм я нэщхьейм зэуэзэпсэу къыхэбжьаХуэрт кІэмыргуеипщыр нэхъри зыгъэдыхьэшхыр:

